

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif biasana digunakeun pikeun nganalisis data anu teu bisa diitung ku angka, jadi kudu ditalungtik sacara detail pikeun meunangkeun ma'na anu aya dina objék panalungtikan. Béda deui jeung pamarekan kuantitatif anu bisa diitung ku angka. Nurutkeun pamadegan Bodgan & Taylor (dina Moleong, 2013, kc. 4) panalungtikan kualitatif minangka prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data sacara déskriptif nu mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan tina paripolah manusa anu ditengenan, antukna métode déskriptif téh teu bisa lepas tina panaluntikan kualitatif.

Métode déskriptif digunakeun saupama mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun kajadian dina waktu anu keur lumangsung. Métode déskriptif ogé museur kana pasualan-pasualan anu dipatotoskeun dina mangsa ayeuna nyaéta pasualan anu aktual, dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, data anu dikumpulkeun mimitina disusun, dipedar, tuluy dianalisis (Surakhmad, 1994, kc. 139).

Dina ieu panalungtikan, luyu keung pamarekan kualitatif katut métode déskriptif nu digunakeun, perlu ayana susunan desain panalungtikan sangkan puguh léngkah-léngkahna tur udagan panalungtikan bisa kahontal. Dina desain panalungtikan aya tahap-tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti ngaidentifikasi masalah nepi ka hasil panalungtikan. Numutkeun Arikunto (2013, kc. 175), desain panalungtikan nyaéta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun dina panalungtikan. Anapon desain panalungtikan dina ieu panalungtikan saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan panalungtikan nyaéta struktur carita, analisis kapribadian palaku utama nu ngagunakeun psikoanalisis Sigmund Freud nu ngawengku id, ego jeung super ego. Stuktur carita novél tiori Stanton anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku jeung panokohan, sarta latar), carita suasana (judul, puseur panitén, jeung gaya basa).

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun novél nu judulna *Rini* karya Yoseph Iskandar. Numutkeun Arikunto (2013, kc. 172) nu dimaksud sumber data nyaéta subjék ti mana éta data bisa dicangking.

3.2.2.1 Idéntitas Buku

Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh carita dina buku novél *Rini* karya Yoseph Iskandar, kalayan idéntitas:


Judul : *Rini*

Pangarang : Yoseph Iskandar

Pamedal : Pustaka Dasentra

Taun medal: 1983

Jumlah kaca: 100 kaca



Gambar 3.1 Cover Novél *Rini*

Warna biru jeung bungur tuluy diluhurna aya ngaran judul jeung pangarang, jeung handapna aya gambar ilustrasi yén éta téh ngadéskripsikeun tokoh Rini. Ilustrasi ieu ngan saukur foto Rini tapi teu ngagambarkeun eusi dina carita bukuna. Kitu ogé jilid tukangna warna na sarua jeung jilid hareup, pédah dina tulisan nu tukang mah nyaritakeun punjulna ieu novél.

3.2.2.2 Biografi Singget Pangarang

Yoseph Iskandar gumelar di Purwakarta, 11 Januari 1953. Tamat SMAN 1 IPA di Purwakarta. Kuliah di ATPU Bandung nyandak jurusan Sipil Kering, nepi ka tingkat tilu. Yoseph Iskandar kungsi ngajar di paguron luhur UNPAD jurusan Basa jeung Sastra Sunda nepi ka 6 bulan. Salila kuliah di ATPU, anjeunna aktip dina rupa-rupa organisasi kampus, pangpangna dina widang seni. mingpin Téater Khas Atpu Bandung taun 1977-1981. Salian ti milu manggung dina 10 produksi drama, ogé kungsi jadi Sutradara. Mimiti nulis dina Manglé, ngahususkeun ngarang sajak. Antukna jadi produktif nulis carita pondok, carita nyambung, reportaseu, artikel jsb. Sastra satuluyna mah diangkat jadi rédaktur Mangle taun 1979.

Yoseph Iskandar téh hiji sastrawan kasohor nu geus diaku ku para sastrawan Sunda. karya sastra anjeunna salah sahiji na nyaéta ngeunaan sajarah Sunda saperti Sajarah Jawa Barat, Perang Bubat, Sajarah Banten, Sajarah Polda Banten, jeung réa-réa deui. Karya sastra Yoseph Iskandar mibanda ke khasan anu béda ti nu séjén. Salian ti novél karya anjeuna anu séjén nyaéta naskah-naskah Sunda, saperti naskah longsér, naskah komedi, naskah sajarah, jeung naskah festival anu sok dipintonkeun di festival drama nu aya di Jawa Barat.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa prosedur atawa salah sahiji cara anu kudu dilaksanakeun kalawan métode anu tangtu sangkan ngahontal udagan dina

panalungtikan (Semi, 2012, kc. 21). Dina ieu panalungtikan aya dua tahap téhnik anu dilarapkeun nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji léngkah penting nu kudu di lakukeun dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan. Dina ieu panalungtikan make dua cara nyaéta téhnik talaah pustaka jeung téhnik studi dokuméntasi. Téhnik talaah Pustaka dipaké pikeun nalaah sajumlahning tiori anu aya patalina jeung panalungtikan. Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun maluruh informasi tinulis saloba-lobana nu kaasup kana wanda tulisan ilmiah kayaning buku, jurnal, skripsi jeung sajabana.

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nyaéta:

- 1) Maca buku nu aya patalina jeung tiori strukturalisme sarta psikoanalisis;
- 2) Nangtukeun sumber data, nyaéta novél *Rini* karya Yoseph Iskandar;
- 3) Maca sagemblengna novél *Rini* karya Yoseph Iskandar.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan, numutkeun Arikunto (2013, kc. 281) nyaéta hasil analisis anu dicangking ku caara make rumus-rumus atawa aturan-aturan anu lumaku, luyu jeung pamarekan panalungtikan anu dipaké. Anapon nu dianalisis dina sumber data téh nyaéta analisis struktur carita dina novél *Rini* jeung analisis aspék kapribadian palaku dina novél. Lénglah-léngkah dina analisis data baris dipedar di handap.

- 1) Téhnik Analisis Struktur Carita Novél *Rini*

Analisis anu munggaran dina panalungtikan ieu téh nyaéta analisis struktur carita novél *Rini* karya Yoseph Iskandar. Analisis struktur novélna make téori strukturalisme Robert Stanton, anu ngawengku:

- a) Téma novél *Rini*;

- b) Fakta carita novél *Rini* (galur, palaku jeung watek atawa panokohan, jeung latar); sarta
- c) Sarana carita novél *Rini* (judul, puseur implengan atawa point of view, jeung gaya basa).

2) Téhnik Analisis Aspék Kapribadian Palaku Novél *Rini*

Analisis anu satuluyna dina ieu panalungtikan téh nyaéta analisis aspék kapribadian palaku dina novél *Rini* make tiori Sigmund Freud. Dina tiori ieu, gurat badag kapribadian téh dibagi jadi tilu nyaéta:

- a) id;
- b) égo; jeung
- c) super égo

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa salasihiji pakakas anu digunakeun pikeun milah-milah data anu dibutuhkeun. Sabab data mangrupa bahan anu kacida pentingna pikeun ieu panalungtikan. Numutkeun Arikunto (2013, kc. 203) yén instrumén panalungtikan téh hiji alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang tur hasilna leuwih akurat. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta table talaah dokumentasi jeung kartu data. Kartu data nu dipaké mangrupa sempalan-sempalan carita atawa kalimah anu nuduhkeun kana struktur carita jeung aspék kapribadian palaku dina novél *Rini*.

3.4.1 Instrumen Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun cutatan-cutatan nu aya dina novél *Rini*, patali jeung struktur carita sarta psikoanalisis

Tabel 3.1
Instrumén Tabél Struktur Carita jeung Aspék Kapribadian Palaku

No.	Struktur Carita	Cutatan
1.	Téma	
2.	Fakta Carita: a) Galur b) Palaku jeung Watek (Penokohan) c) Latar: 1. Latar Tempat 2. Latar Waktu 3. Latar Sosial	
3.	Sarana Carita: a) Judul b) Puseur Implengan c) Gaya Basa	
4.	Kapribadian Palaku: a) <i>Id</i> b) <i>Ego</i> c) <i>Super Ego</i>	

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Data Struktur Carita

a) Téma

Kartu Data Téma	
Cutatan:	(Kaca)
Analisis:	

b) Fakta Carita

Kartu Data Fakta Carita (galur, palaku, jeung watek, latar)	
Cutatan:	(Kaca)
Analisis:	

c) Sarana Carita

Kartu Data Sarana Carita (judul, puseur implengan, gaya basa)	
Cutatan:	(Kaca)
Analisis:	

2) Kartu Data Kapribadian Palaku**a) *Id***

Kartu Data <i>Id</i>	
Cutatan:	
	(Kaca)
Analisis:	

b) *Égo*

Kartu Data <i>Ego</i>	
Cutatan:	
	(Kaca)
Analisis:	

c) *Super Égo*

Kartu Data <i>Super Ego</i>	
Cutatan:	
	(Kaca)
Analisis:	